

5

Bagay chak **paran** dwe konnen sou plan Eta New York la pou **Every Student Succeeds Act**

Kisa ESSA ye?

Every Student Succeeds Act (ESSA) se yon lwa federal ki dekri kijan Eta yo kapab itilize lajan federal la pou sipòte lekòl piblik yo. Nan mwa Septanm 2017 la, Eta New York te prezante plan li genyen an pou \$1.6 milya dola ke New York resevwa chak ane selon ESSA.

Poukisa sa enpòtan?

Eta New York pran angajman pou li asire li ke tout elèv yo reyisi epi pou yo briye nan lekòl kèlkeswa kiyès yo ye, kote y ap viv, nan ki lekòl yo ale oswa kote yo soti. Depi Otòn 2016, Eta New York t ap chèche jwenn kòmantè pou li konsewa yon plan ki favorize egalite, aksè ak opòtinite pou *tout* elèv.

Kisa paran yo dwe konnen?

Pi ba a, w ap jwenn kèk eleman enpòtan pou paran yo ak fanmi yo nan plan an. Nou ankouraje w pou w ale sou lyen sa a pou w ka gen plis enfòmasyon sou plan an:
<http://www.p12.nysed.gov/accountability/essa.html>

1

Eta New York valorize yon edikasyon ki konplè pou tout moun.

Paran ak fanmi yo dwe konnen kijan lekòl pitit yo a fonksyone nan plizyè domèn, pa sèlman nan matyè akademik yo.

Yo pral evalye lekòl ak distri yo selon endikatè sa yo:

Endikatè pou pi devan:

Pou tout lekòl yo

- Lang ak literati anglè
- Matematik
- Syans
- Pwogrè nan aprantisaj Anglè (pou sila yo ki pa pale lang lan)
- Absans kwonik (absan 18+ jou, sof eksepsyon)

Pou lekòl segondè yo

- Syans Sosyal
- Pousantaj elèv ki gradye
- Endis preparasyon pou kolèj, karyè ak aksyon sivik: anrejistre pou anpil kou avanse, rive gen yon sètifika pou fòmasyon teknik, elatriye.

- Sispansyon andeyò lekòl (kòmanse avèk rezilta 2018-19 yo)
- Prepare pou lekòl segondè (yon fwa ke done yo disponib)
- Endikatè “anviwònman aprantisaj” (pa egzanp, gwosè klas la, aksè pou gen kou sou lèza)

2

Eta New York vle diminye sou tan yo administre egzamen yo epi li vle amelyore eksperyans egzamen an an.



Yo pral diminye egzamen Anglè ak Matematik nan klas 3yèm-8yèm ane a de jou yo chak pou lane 2018 la.



Eta a pral eseye nouvo fason pou li evalye konesans elèv yo ki ka mande elèv yo pou konplete ak prezante plizyè travay pèfòmans.

95%

Lalwa federal egzije 95% elèv nan chak klas ak sou-gwoup ki te pran yon egzamen pou yo pran egzamen ki apwopriye yo. Eta New York pral travay ak paran yo, lekòl yo ak distri yo pou ogmante patisipasyon an.



Eta New York pral kontinye tradwi egzamen Matematik ak Syans yo nan plis lang toujou, epi lè fon yo disponib, li pral kreye yon egzamen lang ak literati anglè nan lang natifnatal elèv yo.

3

Eta New York pral ede pwofesè yo ak responsab lekòl yo prepare yo pou reyisi epi asire ke tout elèv gen aksè pou jwenn anseyan ki ekselan.



Eta a pral konsidere chanjman yo nan fason pwofesè ak responsab lekòl yo ap prepare pou li asire l ke yo pare depi premye jou a.



Eta New York gen anpil pwofesè ki ekselan. Nou pral asire nou ke tout lekòl yo gen kapasite pou atire epi kenbe pwofesè sa yo.

4

Eta New York konte sou paran yo pou li ka jwenn sipò adisyonèl lè yo idantifye lekòl pitit yo kòm lekòl ki bezwen amelyorasyon.



Si yo idantifye lekòl pitit ou a kòm yon lekòl ki gen pèfòmans ki fèb...



... lè sa a li pral mande paran, pwofesè ak elèv yo kòman yo panse lekòl la kapab amelyore ...



... alèkile ou pral gen pou bay avi w sou kijan lekòl la dwe depanse yon pati nan lajan federal ke l ap resevwa pou li amelyore a.

5

Eta New York pral bay paran yo yon imaj ki pi konplè sou lekòl pitit yo a.



Nouvo rapò piblik yo pral bay enfòmasyon sou rezilta elèv yo nan egzamen yo, pousantaj elèv ki gradye ak lòt rezilta pou lekòl yo, distri yo ak eta a, ki konfòm ak lwa sou pwoteksyon vi prive a.



Rapò yo pral bay enfòmasyon tou sou kèk sijè ki enterese paran yo anpil, tankou gwosè salklas la oswa posiblite pou elèv yo patisipe nan kou sou lèza.



Gras ak nouvo rapò yo paran yo pral konnen konbyen chak lekòl depanse pou chak grenn elèv.



Distri yo, lekòl yo ak Depatman Edikasyon Eta New York pral itilize enfòmasyon ki nan rapò sa yo pou ede distri yo ajiste depans yo oswa vini ak nouvo mwayen pou satisfè bezwen elèv yo.